Date : January 18, 2019
Nimewo Pwogram Nan : 1042
Tit Pwogram Nan : Amos Entwodiksyon

Mwen kontan resevwa a nan etid la pou jounen an. N ap fè jodia entwodiksyon nou nan liv Amòs la.

Annou priye Bondye.

N ap remèsye w Senyè pou bèl opòtinite nou genyen pou n kapab ansanm nan etid jodia. N ap envite W pale ak nou e prepare nou pou pratike sa nou tande yo nan lavi nou. Se nan non Bondye Pitit la, Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W, amèn.

Byenvini nan etid biblik Atravè Labib n ap fè jodia premye etid nou nan liv Amòs la.

AMOS

ENTWODIKSYON

Se sou reny wa Jewoboram II, wa wayòm Izrayèl la, e wa Ozyas wa wayòm Jida a Amòs te egzèse ministè pwofetik li. Li t ap viv nan menm epòk ak Jonas e Oze ki te pwofèt nan wayòm Izrayèl la e Ezayi ak Miche ki te pwofèt nan wayòm Jida a.

Amos prezante Bondye kòm chèf k ap reye sou lemonn antye e deklare tout nasyon sou latè dwe rann Li kont. Mezi responsablite yon nasyon depann sou kantite limyè li resevwa. Nou jwenn tès final nenpòt nasyon (ou nenpòt moun) nan Amos 3 :3 di ki : « *Ou*

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

janm wè de moun pati ansanm al nan vwayaj san yo pa t' antann yo anvan?» Nan peryòd pwosperite, Amos pwofetize pinisyon. Jijman Bondye t apral tonbe sou nasyon ki t ap viv nan liks e ki t ap benyen nan imoralite a.

Selon mwen Amòs se : « Predikatè andeyò ki antre lavil la. » M ta renmen pou nou fè konesans ak li pèsonèlman, paske byen konnen Amòs se renmen Amòs e pi byen konprann pwofesi li yo. Nou jwenn ke l te fèt nan wayòm Jida a, wayòm sid la, men l te gen ministè pwofetik li nan wayòm nò a. Li prezante mesaj li yo lavil Betèl nan chapèl wa a. Sa te trè ra pou w te jwenn yon nèg andeyò konsa, yon nèg pwovens vin prezante yon mesaj jijman kont tout nasyon ozalantou yo. Amòs te gen yon vi global sou lavi e sou plan Bondye pou lemonn antye, pa sèlman pou moman prezan an men pou tan k ap vini yo tou. Tou sa rann li yon pwofèt remakab.

Nou li nan Amòs 1 :1 : « *Men mesaj Amòs, yonn nan gadò mouton lavil Tekoa a, te bay. Se bagay Bondye te fè l' konnen sou pèp Izrayèl la, dezan anvan tranblemanntè a. Lè sa a, se Ozyas ki te wa nan peyi Jida, epi se Jewoboram, pitit Joas, ki te wa nan peyi Izrayèl.* » Se Tekoa Amòs te fèt se la ki te vil natal li. Anviwon 10 km pi ba lavil Jerizalèm nou jwenn ti vil byen koni ki rele Bètleyèm lan, vil sou ki pwofèt Miche te pwofetize nan Miche 5 :2 pou di: « *Men ou menm, lavil Betleyèm, Efrata, ou se yonn nan pi piti nan tout lavil peyi Jida yo, se vre! Men, se nan mitan ou m'ap fè soti pou mwen yon chèf pou pèp Izrayèl la, yon chèf k'ap soti nan yon fanmi ki la depi lontan lontan.* » Bètltyèm te tounen yon vil trè fame men te gen yon lòt ti zonn plase a anviwon 10 kw sou bò sidès Bètleyèm yo te rele Tekoa ke moun pa t twò konnen. Anfèt nou pa jwenn yo mansyone non Amòs okenn lòt kote nan Ansyen Testaman an. Lik masyone yon Amòs nan jenealoji li a nan Nouvo Kontra a, men se pa menm Amòs la e ni yo pa fanmi. Ti bouk Tekoa kote l soti a se yon ti zonn

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

ensiyifyan moun pa vrèman konnen. Tekoa se plas kote yon pwofetès te bay David yon mesaj selon 2 Samyèl 14 ; David te byen konnen zonn sa paske se nan zonn sa l t al sere lè l t ap kouri pou wa Sayil la.

Tekoa plase sou yon flan mòn ki gade sou yon dezè danjere ki etann rive jouk nan limit lanmè Mouri a. Ou ka tande bèt sovaj k ap rele pandan lannwit, e tou sa w ka wè pandan lanjounen se tras plasman kote pasi pala bedwen yo te moute kan yo. Pa gen anyen plis ke sab nwa kote nomad ak vagabon dezètik yo ap pwonmnen. Dr. Adam Smith kòmante pou di : « Moun Tekoa yo t ap gade sou yon monn ravaje e dezole. »

Mo Tekoa a vle di « plas kote yo monte kan. » Se te anfèt yon senp kalfou tou pre fontyè a. Yon zonn rekile, yon ti zonn akote men se te lye de nesans pwofèt Amòs, e sa se bagay ki pi fame ki te janm rive nan zonn lan.

Nou bezwen ale nan chapit 7 pou n ka jwenn yon lide sou pèsonalite ak ministè Amòs lavil Samari, nan wayòm nò, wayòm Izrayèl la. Nou li nan Amòs 7 :10-15 : « *Amatsya, prèt nan lavil Betèl la, voye di Jewoboram, wa Izrayèl la: -Men Amòs ap moute konplo sou do ou nan mitan pèp Izrayèl la. Li soti pou l' fini ak peyi a ak pawòl l'ap di yo. Men sa l'ap mache di: Jewoboram gen pou l' mouri nan lagè. Y'ap pran moun Izrayèl yo lakay yo, y'ap depòte yo byen lwen nan peyi etranje. Apre sa, Amatsya pale ak Amòs, li di l' konsa: -Divinò, al fè wout ou. Ale vit nan peyi Jida a! Al bay mesaj ou yo laba. Y'a peye ou pou sa! Men isit la, lavil Betèl, pito ou sispann bay mesaj ou yo si ou konn bout! Paske, se isit la wa a vin adore. Se yon tanp nasyonal pou tout peyi a. Amòs reponn Amatsya: -Monchè, pwofèt pa metye m'. Nitou, mwen pa fè pati sosyete moun k'ap fè metye pwofèt. Metye m' se gade bèt, se okipe pye sikomò. Men, Seyè a pran m' nan pye*

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

travay mwen, dèyè bèt mwen yo, li ban m' lòd pou m' al fè pèp Izrayèl la konnen mesaj li voye ba yo. »

Amòs di nou metye l « se gade bèt. » Vèsyon orijinal yo itilize yon mo espesifik isit la pou endike ke l te bèje yon ras patikilye mouton dezè. Se te yon kalite mouton brit, men lenn yo te trè long pou te ka ede yo ak fredi a nan sezon livè. Amòs di tou l te konn okipe pye Sikomò, pou pi egzak nou ta dwe di « rekòlte sikomò. » Sa se te yon kalite fwi tankou fig frans ki te konn grandi sou ti pye bwa yo nan dezè a. Kalite pye sikomò sa a grandi tou ba, li pa rive nan wotè pye sikòmò nòmal nou konnen yo.

Donk ou ka wè Amòs te tankou yon nomad, li te bezwen vwayaje anpil pou travay li. Mouton li yo ak rekòlt pye sikomò yo te oblije l mache antre byen lwen nan dezè a. Se te yon bon peyizan. Yon nonm kosto, yon nèg andeyò. Se te yon ti pastè andeyò ki te vin tou egare nan mitan gwo nèg eklere lavil Betèl yo.

Men anvan w konmanse ri Amòs, eske m ka souliye: Li te yonn nan pi gran sèvitè Bondye yo, e l te yon nonm trè remakab. Tande sa Amòs di nan Amòs 7 :15. Li di : « *Men, Seyè a pran m' nan pye travay mwen, dèyè bèt mwen yo, li ban m' lòd pou m' al fè pèp Izrayèl la konnen mesaj li voye ba yo.* » Bondye te voye Amòs soti anba andeyò nan dezè a rive jouk lavil Betèl, yonn nan kapital wayòm nò a pami moun lavil yo. Bondye te rele l pou l preche, Bondye te ba l yon mesaj, e Bondye te voye l Betèl.

Betèl, anvan sa, te sèvi kòm kapital wayòm nò a, e se la Jewoboram te fè erije yonn nan estati ti towo bèf lò li yo. Se te sant kiltirèl e relijye wayòm lan. Moun yo te vire do bay Bondye tou pisan an pou al adore ti towo bèf an lò a. Se Betèl moun sivilize, moun sofistike e moun sedwizan eklere yo te ye, se la moun afè bon yo te rete. Betèl tou te yon sant entèlèktyèl. Te

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

gen yon lekòl pwofèt la. Siman se teoloji liberal moun sa yo t ap anseye. Yo ta anseye ipotèz Graf-Wellhausen lan ki nye enspirasyon liv Pentatek yo e yo ta anseye tout lòt teoloji depaman moun tankou Rudolf Bultmann yo.

Epi konsa yon ti pastè peyizan te rive nan vil la, pwofèt Bondye a te rive avèk yon mesaj, yon mesaj patikilye ki te diferan avèk tout lòt pwofèt. Abiman Amòs pa t mache ak estil lavil la ni mesaj li t ap bay la. Li pa t bay kalite mesaj yo t abitye ou renmen tande yo. Nan chapèl wa a te toujou gen yon pastè konsilyan, byen sivilize e byen edike, men yon enkonvèti ki pa gen anyen serye anyen rekonfòtan pou di asanble a lè l kanpe sou chè legliz la. Se ti pawòl sikre, pwosperite, bèl sitasyon ou filozofi li preche. Men kounyea gen yon nouvo sherif nan town lan : Amòs. Lè Amòs te fenk parèt moun yo t ap gade l akote. Men yo te ase koutwa, paske yo te trè liberal yo asepte tout moun, yo te souri ba li. Fason demode Amòs t abiye a konpare ak lòt moun lavil ki te la yo siman te rann yo yon jan enkonfòtab. Men Amòs pa t menm remake sa li pa t jennen ditou. Men n kwè l te mete vil la tèt anba. Li te soti nan raje a pou vini kounyea sou boulva a. Li te soti andeyò a pou antre kounyea nan mezon chik ki ala mòd yo. Li te kite mouton lenn long li te konn gade nan dezè a pou vin jwenn kounyea « kabrit » byen raze ki se moun lavil Betèl yo. Li te kite plas agrikilti a pou pase nan sant kilti a.

M panse pa kriyozite tout moun okòmansman te kouri vin nan zen. Yo t ap di : « M pa kwè ti abitan sa ka preche. M pa kwèl gen okenn mesaj pou bay vre. » Yo te vini pou amize yo men yo kite byen fache. Amòs te yon predikatè esepsyonèl, paske mesaj li a se pa t ti mesaj san pwofondè y abitye tande lavil Betèl yo.

Amòs t ap preche Pawòl Bondye. Sa te touche anpil moun e yo te tounen vin jwenn Bondye men se te deranje moun liberal yo. Relijyon òganize lavil Betèl la, adoratè baal ak fidèl ti towo bèf an

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

lò a te mete ansanm pou fè l rezistans. E se toujou konsa si w pa kwè nan anyen, pa gen anyen ki pou w anpeche w asosye w ak yon lòt. Si m pa kwè nan anyen nou ka toujou met tèt ansanm. Sa se mouvman ekimemenik la, e l t ap byen pase menm nan tan pwofèt Amòs la.

Amòs te nan mitan tou relijyon òganize sa yo ki t ap fè konplo sou do l pou retire pawòl nan bouch li e fè l kouri kite vil la retounen andeyò kote l soti a. Chèf lidè relijye yo fè yon reyinyon. Yo di fòk yo dechouke Amòs, yo di yo pap sipòte l ak lajan yo ankò, yo di l si l pa chanje mesaj l ap bay yo y ap tou koupe pansyon l. Gen menm kèk lòt lidè fondamantal ki te leve kont li tou paske l te gen yon gran foul moun ki t ap swiv li. Yo t ap eseye diskredite l. Men Bondye te beni l e Amòs pa t antre nan konpwomi li te pito kontinye preche levanjil la kòm sa dwa.

Tout relijyon lavil Betèl yo te reyini, anfèt nou ta ka di sa se te premye gran konsil legliz e gran slogan rakont sa a se te « Aba Amòs, Aba Amòs). E sa ki lojik la te fèt nan reyinyon sa a, yo vote yon prezidan Amatsya ki te gen responsabilite al konfwonte Amòs. Amatsya se te yon ansyen prèt ki te tonbe nan idolatri. (Ou pa wè sa sanble familye, tankou pawòl la di « rien de nouveau sous le soleil » se toujou menm bagay yo k ap repete). Se Amatsya ki te pòt pawòl relijyon an. Li te entelijan, li te edike, li te kiltive, li te sosyab, li te ògèye, li te pye, li te relijye, li te yon egzanp klasik moun yo rele sipè sen yo.

Nan yon fason sibtil, Amtsya monte yon plan matyavelik. L al kote wa Jewoboram II e monte tèt li kont Amòs. Amtsya te jwenn apwobasyon wa a paske l te pami moun yo ki kwè legliz ak leta, relijyon ak politik dwe makònen ansanm. Amòs 7:10-11 rapòte: "*Amatsya, prèt nan lavil Betèl la, voye di Jewoboram, wa Izrayèl la: -Men Amòs ap moute konplo sou do ou nan mitan pèp Izrayèl la. Li soti pou l' fini ak peyi a ak pawòl l'ap di yo. Men sa l'ap*

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

mache di: Jewoboram gen pou l' mouri nan lagè. Y'ap pran moun Izrayèl yo lakay yo, y'ap depòte yo byen lwen nan peyi etranje. " Men antrenou eske se sa Amòs te di vre? Non Amòs pa t janm di bagay konsa. Amòs te sèlman repete sa Bondye te di l di selon sa nou jwenn nan Amòs 7 :9 : « *Mwen pral kraze tout kote pitit pitit Izarak yo te konn adore m' sou mòn yo. Mwen pral fè tout kay pitit pitit Izrayèl yo te mete apa pou mwen yo tounen mazi. M'ap fè lagè ak fanmi Jewoboram lan, m'ap wete gouvènman an nan men yo.* » E si w ap swiv listwa w ap wè sa Amòs te pwofetize yo te rive vre. Se byen malere Jewoboram II pa t vle kwè Amòs paske pi devan yo t apral touye pitit pitit li a ak kout nepe e konsa mete yon bout nan liye fanmi wayal li a. Se vre Amòs te nonmen non Jewoboram e pale sou nepe, men l pa t janm di se Jewoboram li menm ki t apral mouri ak kout nepe. Amatsya te yon politisyen karismatik ki t ap tòde laverite, e sa zanmi se pi move kalite mantò a.

Amatsya sou yon ton sakastik e oten, yon jan pou ka ridikilize l, di Amòs konsa : « Divinò. » Se tankou l ta rele l: "Pastè." Amatsya di Amòs nan Amòs 7 :12 : « *Divinò, al fè wout ou. Ale vit nan peyi Jida a! Al bay mesaj ou yo laba. Y'a peye ou pou sa!* » Anfèt Amtsya ap di Amòs : « Ki moun ki mete w pastè ? Kote w t aprann teoloji ? Ki kote w te pastè anvan w te vin isit la ? Retire kò w la!» Donk Amatsya ap mande Amòs pou l degèpi soti lavil la tounen andeyò kote l soti a. Epi Amatsya voye yon toya pou fè konprann Amòs se yon mèsenè ki sèlman ap travay pou lajan lè l di : « *Al bay mesaj ou yo laba. Y'a peye ou pou sa!* ».

Men se nan vèsè 13 la nou jwenn pi gwo ensilt la, Amatsya di : « *Men isit la, lavil Betèl, pito ou sispann bay mesaj ou yo si ou konn bout! Paske, se isit la wa a vin adore. Se yon tanp nasyonal pou tout peyi a.* » Sa se dènye nivo ensolans ak inyorans Amatsya. Li sèvi isit la yon iwoni non sèlman ki pike men ki sèvi

© Trans World Radio

tou tankou yon pwazon. Se tankou si l ap di : « Isit la pa ti legliz andeyò kote w abitye preche yo. Isit la se « la première église de Béthel » se la wa a vin adore. Se nan legliz wa a w ye la e l pa renmen sa w ap di yo. Mesaj ou pa pote l byen. Anfèt se pa sèl wa a se tout legliz la ki pa renmen mesaj ou yo. Ou pa pale anfavè yo. Ou pa tolere yo nan vis yo. Ou pa flate moun rich yo. Ou pa jantiy nan mesaj ou yo. Anfèt ou fè twòp jès lè w ap preche ou pa aji ak finès. Ou pa gen gwo vwa ak bèl diksyon predikatè abityèl nou yo. Ou manke edike, sa w bezwen se tounen nan teoloji pou al aprann omiletik. Ou bezwen li dènye gwo liv ou dènye pòs ki rele « Baal nan inivèsite Yale » la. » E pòv Amòs anfèt msye pot ko li dènye gwo liv yo vre.

M ta renmen w koute avèk anpil atansyon bèl repons gran sèvitè Bondye sa a, k ap preche jistis ak jijman Bondye, yo rele Amòs la te bay. Petèt gen moun ki ka anvi rele l pastè dife men tande jan pwofèt la reponn avèk anpil gras e koutwazi. Li di nan Amòs 7 :14-15 : « *… -Monchè, pwofèt pa metye m'. Nitou, mwen pa fè pati sosyete moun k'ap fè metye pwofèt. Metye m' se gade bèt, se okipe pye sikomò. Men, Seyè a pran m' nan pye travay mwen, dèyè bèt mwen yo, li ban m' lòd pou m' al fè pèp Izrayèl la konnen mesaj li voye ba yo.* » Sa w panse ? Sa se yon trè bèl repons, pa vre ? Answit Amòs kontinye avèk mesaj li a kote l pwononse kèk pawòl sèvè kont Amtsya.

Antre nou eske w panse repons Amòs la sanble ak repons yon nèg ki fanitik ? Onètman sèl kritik m gen pou Amòs sèke msye te twò kredil, m ta di twò bon moun. Li te yon moun tou senp, li pa t sofistike ni pale an daki. Anba nan dezè Tekoa yo li te konn kòman pou l fonksyone. Li te konn kòman pou l evite danje bèt sovaj yo ak severite anviwònman an men msye te depouvi devan riz ak sofistikasyon chen anraje jeng asfalt lavil Betèl yo.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

An pasan nou ka di gen yon jeng nan monn jodia. Ou ka wè anndan legliz sèjousi, sitou legliz liberal yo e pafwa sèten legliz fondamantalis, ka trè danjere. Ou pa vrèman an sekirite paske toujou gen yon moun pou yon rezon ou yon lòt k anvi devore w tankou yon chen aranje. E byen souvan se ou ki pou fè piti, fè yon ti pase men nan kou l, fè yon ti bat do l san sa l ka mande aranje sou ou. Konsa gen sèpan nan legliz lokal yo tou. Jak 3 :8 pale sou lang ki gen pwazon ki ka touye. E lè se yon lang konsa k ap kritike w sa pi boule pase kout dan yon sèpan asonèt.

Amòs te yon nonm senp despri. Li di Amtsya : « Ou di m pa pastè. M dakò m pa pastè. Ou di m pa pwofèt. La ankò w gen rezon m pa t pase lekòl pwofèt e m pa menm soti nan fanmi pwofèt. Mwen se yon nèg andeyò men se Bondye ki te rele m nan pye travay mwen. Bondye al chache m nan raje a dèyè mouton mwen pou mande m vin pwofetize nasyon Izrayèl la. Si w bezwen konnen kote m jwen dwa fè sa m ap fè a enben me li : Se Bondye k voye m.»

Eske m ka fè w remake si se tout bon w ap preche pawòl Bondye ou va jwenn opozisyon. Dr. McGee di la lòtrejou li sot resevwa lèt yon oditè ki prezante yon agiman trè ewone. Oditè sa konkli pou di : « M bezwen konnen kote w jwenn dwa fè sa w ap fè a. » Enben repons lan fasil wi : Bondye. Se Bondye ki te rele m nan jenès mwen pou m te ka antre nan ministè pastoral la. Petèt ou ka panse se paske m te gen anpil lafwa. Men se pa vre, paske kòm yon ti malere, m pa t menm gen ase lafwa kwè Bondye ta va fè m fini lekòl. Onètman lafwa m te a zewo. M te sèlman gen yon gwo anvi kontinye lekòl. Kounyea m prèske nan fen vwayaj mwen m konnen pou sèten se Bondye k te rele m e se sa ki otorite m. Amòs te yon nonm tou senp, men se Bondye ki te chwazi l, e Bondye t ap dirije l jiskobou.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Amòs se te yon sèvitè Bondye ki t ap delivre Pawòl Bondye. Jis paske Izrayèl te sanble relijye pa vle di Bondye pa t apral jije peche yo pou sa. Paske yo te rejte lwa Li yo, Bondye di konsa, dapre Amòs 5:21-24: "*… Mwen pa vle wè gwo fèt n'ap fè pou mwen yo. Mwen pa ka santi yo. Mwen pa ka sipòte lè nou reyini pou fè sèvis pou mwen. Lè n'a pote bèt pou boule pou mwen, lè n'a fè m' ofrann gato, sa p'ap fè m' plezi. Ni mwen p'ap menm gade bèt gra nou pote vin ofri m' pou di m' mèsi. Sispann chante kantik nou yo nan zòrèy mwen. Mwen pa vle tande mizik gita nou yo ankò. Tankou dlo k'ap kouri larivyè, se pou nou rann tout moun jistis nan peyi a. Tankou yon kouran dlo k'ap kouri san rete, se pou nou toujou fè sa ki dwat.*"

Se te peryòd yon lapè prekè. Sou bò nò Lasiri te pandye sou tèt yo tankou yon nepe Damoklès e nan pwochen senkant yo li t apral detwi wayòm nò a. Izrayèl t ap eseye inyore sa, yo te kontinye ap pale sou lapè. Men Bondye di, dapre sa nou li nan Amòs 9 :8 : « *Mwen voye je m' sou pèp Izrayèl la, mwen wè jan yo lage kò yo nan fè sa ki mal. Mwen pral disparèt yo sou latè. Men, mwen p'ap fin touye tout pitit Jakòb yo nèt. Non. Mwen pa ka fè sa. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.*» Mesaj Amòs la pa t yon mesaj popilè. Li t ap avèti yo Bondye gen pou pini peche.

Mwen kontan pou bèl privilèj nou te gen pou n te rakontre ansanm nan etid jodia. Jodia nou te fè entwodiksyon liv Amòs la nan pwochen pwogram si Bondye vle nou va wè plan liv la e kòmanse avèk konsidersyon tèks la. Pou kounyea n ap kite w avèk lapè e lagras Bondye !

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com